

## **Kritè Elijiblite**

Pou yo kalifye pou patisipe nan Legal Food Hub (Sant Manje Legal), patisipan yo dwe satisfè kondisyon sa yo:

1. Ou dwe reponn ak definisyon kiltivatè, antreprenè manje, oswa òganizasyon fèm/manje, ke nou bay pi ba a:
  - a. Pou. Kiltivatè: Yon moun, yon gwoup moun, oswa yon antrepriz ki sitiye nan Maine, Massachusetts, Rhode Island, Connecticut, New Hampshire oswa Vermont ki pwodui plis pwodwi agrikòl pou vann (ki gen ladann kilti bèt ak plant nan dlo), ki gen ladann travayè agrikòl yo; OSWA
  - b. Antreprenè Manje: Yon moun, yon gwoup moun, oswa yon antrepriz ki sitiye nan Maine, Massachusetts, Rhode Island, Connecticut, New Hampshire oswa Vermont ki trete, distribye, rasanble, magazen, oswa makèt manje oswa pwodwi manje ki gen valè ajoute pou moun konsome, ak jwenn omwen yon atik manje oswa engredyan ki grandi nan Nouvèl Angletè ; \* OSWA
  - c. Òganizasyon Fèm/Manje: yon ONG kap opere nan Maine, Massachusetts, Rhode Island, Connecticut, New Hampshire oswa Vermont ki gen objektif prensipal pou sipòte kiltivatè oswa antreprenè manje (egzanp, yon asosyasyon komès ki sipòte fèmye yo oswa yon sant manje san bi likratif), OSWA yon gwoup kominotè oswa asosyasyon kap opere nan Maine, Massachusetts, Rhode Island, Connecticut, New Hampshire, oswa Vermont, ki gen kòm misyon prensipal pou yo pale de pwoblèm jistis sosyal ki gen lyen ak sistèm manje (egzanp, yon mache fèmye, yon koperativ alimantè kominotè, yon òganizasyon jaden kominotè ) .

\* Tanpri sonje ke restoran mobil ak restoran fizik yo anjeneral pa satisfè definisyon Antreprenè Manje pou objektif pwogram sa a sof si yo fè pati yon antrepriz ki gen yon misyon jistis sosyal pi laj.

2. Si wap aplike pou asistans legal kòm yon Fèmye oswa Antreprenè Manje, \* ou dwe satisfè kritè revni sa yo:
  - a. Fèm oswa antrepriz manje a dwe gen yon revni anyèl omwen 5,000 dola nan ane fiskal anvan an OSWA te kòmanse opere nan twa dènye ane yo ; AK
  - b. Revni nèt anyèl fèm oswa antrepriz manje a pa dwe depase 30,000 dola.
    - Pou fèm yo, pou detèmine revni anyèl nèt antrepriz ou a, gade liy 34 nan deklarasyon taks ou nan Anèks F (Fòm 1040).
    - Pou antreprenè sektè alimantè yo, fè referans a sa ki annapre yo : sèl pwopriyetè oswa LLC yo ki dwe takse kòm sa dwa, gade liy 31 nan Anèks C (Fòm 1040); patenarya oswa LLC yo takse kòm sa dwa, gade liy 22 sou Fòm 1065; C Kòporasyon yo, gade liy 30 sou Fòm 1120; S Kòporasyon, gade liy 21 sou Fòm 1120S ; AK

- c. Revni fanmi anyèl kiltivatè oswa antreprenè sektè manje a pa dwe depase 400% Nivo Povrete Federal la. Yo dwe enkli revni ou pa touche nan kalkil sa a, menm si revni an gen restriksyon (egzanp, nan yon fon afektasyon spesyal ki gen restriksyon). Pou detèmine revni anyèl ou nan kay la, gade liy 9 sou deklarasyon taks sou revni pèsònèl ou (Fòm 1040). Gid Nivo Povrete Federal 2023 yo disponib isit la (chache kantite moun ki nan kay ou a ak kolòn “400% FPL” la). Si biznis la se yon ko-propriyete, pwopriyete yo ka satisfè limit revni nou an si nenpòt ansanm revni fanmi yo a tonbe anba limit nou an (ki reprezante kantite moun ki nan kay la, kounye a ki konbine), oswa si revni chak pwopriyete endividyèl nan kay la tonbe anba limit nou an.

\* Egzijans revni nèt ak limit revni kay la pa aplike pou Òganizasyon Fèm/Manje.

Kritè sa yo te revize nan dat 21 me 2015. Yo fèt pou atire kiltivatè ak antreprenè manje ki gen pi ba revni, ak fèm ak biznis ki opere sou yon echèl piti - mwayen. Nou akeyi fidbak sou kondisyon elijiblite sa yo.

Kritè kalifikasyon sa yo pral gide CLF pou pran desizyon; sepandan, CLF rezève dwa pou pran desizyon ka pa ka, tankou refize mete ka yo si sa nesèsè.

### **Gid Federal 2024 sou Povrete**

<b>Gwosè Fanmi</b>	<b>Nivo povrete federal 400%</b>
<b>1</b>	\$60,240
<b>2</b>	\$81,760
<b>3</b>	\$103,280
<b>4</b>	\$124,800
<b>5</b>	\$146,320
<b>6</b>	\$167,840
<b>7</b>	\$189,360
<b>8</b>	\$210,880

Pou kalifye pou Legal Food Hub la, revni fanmi w pa ka depase montan ki endike nan kolòn adwat la, lè yo koresponn ak gwosè fanmi w nan kolòn agoch la.

\* Gade [Gid Federal Povrete 2024](#) pou plis enfòmasyon